




# KATETÈ

Pou Emodyaliz



## Sa ou Bezwen Konnen pou Rete An Sante avèk yon Katetè

Youn nan tretman ki genyen pou pwoblèm nan ren se emodializ (oswa HD). HD retire dechè avèk eksès likid nan san ou. HD se yon aksè a veso ou — ki vle di li se yon fason pou atenn san ou. Gen twa tip aksès: fò kannal nan dèyè, grèf ak katetè. Ti liv sa a pale de katetè.

Alontèm, yon katetè se pa yon bon chwa pou aksè dyaliz, si ou kapab evite li. Pifò kannal, e menm grèf, bay mwens pwoblèm epi dire pi lontan. Zegi se yon pri tou piti pou ou peye pou yon bonjan devi!


### Osijè Katetè

Yon **katetè nan venn santral** yo se yon tib an plastik ke yon chirijyen plase nan yon venn laj santral nan kou a, pwatrin nan, oswa lenn nan. Pifò katetè pase tankou yon *tinèl*— yo pase anba po pwatrin nan pou y al jwenn yon venn nan kou a. Pati yo itilize pou HD a sòti nan po lestomak la. Tib la an de pyès ki fòmè yon Y avèk yon bouchon nan chak pwent.

Yo kapab kenbe yon katetè an plas grasa de fil si yo pa pwal sèvi avèk li pou lontan. Nan pifò ka yo, katetè a ap genyen yon menòt toutotou tib ki pase anba po ou a. Tisi ou ap pouse toutotou menòt la epi ap kenbe li an plas. Apre yo fin mete katetè a andedan, se yon doktè sèlman ki kapab retire li.

Pifò katetè se bagay tanporè; yo mete yo pou detwa semèn oswa detwa mwa, jiskaske yon grèf\* oswa yon kannal† pare. Senten moun ki gen HD pa gen lòt opsyon; yo oblije sèvi ak katetè a toutan.

Venn yo itilize pou katetè a gen dwa afektè lòt opsyon ou genyen nan kad aksès. Nan senten kote, katetè gen dwa blese lòt venn, ki fè yo pa kapab itilize venn sa yo pou HD.




†Yon **kannal** nan dèyè se lè yo koud yon atè nan yon venn, leplisouvan nan bra ou. Se meye aksès ki genyen pou HD, paske li prezante mwens chans pou enfeksyon oswa boul san.

\*Yon **grèf** se lè yo sèvi ak yon venn sentetik pou konektè yon atè ak yon venn. Se dezyèm meye aksès pou HD.



Yon gen dwa sèvi ak yon **katetè femoral** pou yon ti tan tou piti. Yo mete li nan venn femoral la nan lenn nan epi yo retire li apre chak tretman. Piske se nan lenn nan ke li ye, li difisil pou kenbe yon katetè femoral pwòp. Si doktè ou mande pou ou gen youn, mande si pa gen lòt opsyon ki ta gen dwa mache pou ou.



katetè femoral

## Kisa ki Bon ak Kisa ki Pa Bon avèk Katetè

Nan twa fòm aksè ki genyen pou veso yo (kannal, grèf, katetè), katetè a se twazyèm psyon an:

- Trè souvan san an koule dousman; li difisil pou ou jwenn ase HD pou ou santi ou vrèman byen
- Piske yo retire katetè a nan kò ou, gen anpil chans enfeksyon. Sa gen dwa yon danje pou lavi ou.
- Katetè gen dwa irite venn nan epi lakòz yon boul san.

- Si ou gen yon katetè pou twò lontan, sa gen dwa vin fè ou pa kapab genyen yon fo kannal oswa yon grèf
- Pi bon bagay ki genyen avèk yon katetè sèkè yo kapab sèvi avèk li touswit

Pi bon bagay ki genyen avèk yon katetè sèkè yo kapab mete li epi sèvi avèk li menm jou a. Pifò moun ki bezwen HD *touswit* ap jwenn youn. Nenpòt ki moun k ap resevwa HD gen dwa bezwen yon katetè yon lè si yon kannal nan dèyè oswa yon grèf mande reparasyon.




## Katetè: Konsèy Itil pou Fanm

Si ou se yon fanm ki mande yon katetè pou HD, konsèy sa yo gen dwa rann lavi ou pi fasil:

- » Pote souyen ou (oswa fè yon desen kontou a sou pwatrin ou avèk yon makè chirijikal). Ou pa kapab mete soutyen sou ou lè ou gen yon katetè. Men lè ou pote soutyen ou sa va ede doktè a plase katetè a yon kote ki pa jennen ou.
- » Si y ap pase katetè a anba po a, mande ki kote l ap sòti. Mande doktè a pou katetè a pa sòti yon kote toupre pwent tete ou. Sa gen dwa enkonfòtab pou ou epi sa gen dwa difisil pou kenbe yon pansman an plas.
- » Pwa tete ki gwo gen dwa fè katetè a sòti. Piske w ap kouche pandan y ap mete katetè a anplas, si ou gen gwo tete, fè doktè a sonje sa pou li plase epi tepe katetè a byen.





## Plasman Katetè a

Yo gen dwa plase yon katetè nan yon sal operasyon, yon sal radyoloji, oswa pandan ou sou kabann lopital. Yo gen dwa ba ou medikaman pou detann ou epi pou kalme doulè a. Leplisouvan sa pran apeprè 15 a 30 minit pou mete yon katetè an plas. W ap bezwen yon radyografi pou verifye li byen plase.



## Kisa ou Santi Lè yo Mete yon Katetè

Men sa moun ki gen katetè di sou mete yon katetè:

» “Chirijyen vaskilè a te banm yon katetè—sa k ap pann sou pwatrin mwen an, te fè l pase pa anlè epi koud li anba po kou mwen. Yo te sèvi ak Versed® epi li te fè mal tou piti premye jou a, men apre sa li pat jennen mwen. Li te fasil pou kache li ak mayo mwen epi li te posib pou mwen dòmi sou lestomak avèk li. Mwen te vin gen yon enfeksyon sistematik poutèt li epi mwen te pase yon semèn lopital.”

» “Katetè mwen an, ki menote epi ki pase nan zòn pwatrin mwen, te nesite yon sèl ensizyon. Yo te ban mwen yon ti Versed®, ki aji sou ou tou piti epi detann ou. Sansasyon an se te tankou yon moun k a p peze pwatrin ou pandan yo t ap fè katetè a monte al nan kou mwen. Li te dire detwa mwa epi li pat janm ban mwen ankenn pwoblèm.”

Aprè yo mete katetè ou a andedan, ekip swen ou pwal montre ou kijan pou ou okipe li san danje. Li enpòtan pou ou kenbe li pwòp epi sèk toutan. Ou gen dwa oblije fè twalèt, pa pran douch. Poze enfimiyè a keksyon konsènan:

- Kijan pou ou chanje pansman an si ou bezwen
- Kijan pou ou klanpse katetè a si li kòmanse senyen
- Kisa pou ou fè si katetè a tonbe oswa ou rale li pa aksidan
- Kiyès pou ou rele si ou gen pwoblèm ak katetè a


Kenbe katetè a pwòp epi san jèm ap ede li dire pi lontan. Si yon katetè enfekte oswa bouche, yo gen dwa ranplase li.

## Sèvi ak Fo Kannal ou a pou Dyaliz



### Etap 1: Lave men

Premye etap lè yon manb estaf la ap sèvi ak yon katetè se lave men li epi mete gan pwòp ak yon mask oswa yon pwoteksyon pou figi. Ou gen pou mete yon mask tou. Si gen yon pansman sou katetè ou, enfimiyè an ap retire li. (Verifye yo pa janm sèvi ak sizò! Yo gen dwa koupe tib la epi fè w senyen oswa kite lè antre nan sikilasyon ou.)



## Etap 2: Chèche enfeksyon

Chak fwa ou gen yon tretman HD, enfimiyè a pwal retire pansman ki sou katetè ou a pou chèche siy enfeksyon:

- Woujè, chalè oswa anfleman
- Kote ki mou
- Drenaj

Après sa, enfimiyè a pwal manyen kò katetè a pou verifye ke li toujou byen an plas anba po ou. Lè ou gen pwoblèm nan ren, ou gen dwa gen yon enfeksyon san woujè oswa anfleman. Si ou gen lafyèv oswa ou santi ou fèb, kite ekip swen ou konnen.

## Etap 3: Netwaye Katetè a

Si katetè a kòmsadwa, enfimiyè a pwal klanpse toude tib yo pou fenmen yo, apre sa l ap retire bouchon yo nan pwent yo. L ap netwaye pwent tib yo. Apre sa l ap mete yo tranpe nan yon likid ki pou touye tout jèm pou detwa minit epi l ap seche yo. Enfimiyè a ap itilize yon sereng pou rale eparin (yon medikaman ki fè san mwen epè) sòti nan katetè a. Apre sa enfimiyè a ap floche katetè a avèk dlo sale.

## Etap 4: Konekte l avèk Tib Dyaliz la

Enfimiyè a pwal vire pwent tib HD yo an-sanm ak pwent katetè a. Pwent rouj la (ate-ryèl) ap mennen san ou nan dyalizè a. Pwent ble a (pou venn) ap mennen san an tounen ba ou. Apre li konekte tib yo, enfimiyè a ap ouvri klanps la epi kòmanse tretman ou.

## Etap 5: Dekonekte Tib yo

Nan fen tretman an, enfimiyè a ap klanpse pwent katetè a, mete eparin epi retire tib dyaliz yo. L ap netwaye katetè ou ak po ou, epi l ap mete yon pansman pwòp.

## Kijan pou Ou Pèmèt Katetè ou Mache

Pa gen aksè HD ki pafè. Katetè gen tandans bay senten pwoblèm ki komen. Bon nouvèl la sèke gen anpil bagay ou menm ak ekip swen ou an gen dwa fè pou katetè a kontinye mache.


### Enfeksyon Yon pwoblèm komen

Gen dwa gen enfeksyon avèk *nenpòt* ki kalite aksè. Bakteri tout kote—sou po ou, nan nen ou, sou sifas . . . Bakteri antre nan san ou, yo gen dwa koze anpwazònman oswa *enfeksyon nan san*. Enfeksyon nan san gen dwa koze lanmò.

Katetè se yon wout dirèk pou bakteri rantr nan san ou. Pi bon defans ou se kenbe katetè a pwòp. Verifye ekip swen ou pa janm kite pwent katetè a ouvri nan lè. Chak pwent dwe gen yon bouchon oswa yon sereng ladan li antoutan si yo pap itilize li pou HD. Sa va redwi risk ki genyen pou enfeksyon. Si ou remake siy enfeksyon—woujè, chalè, pati ki mou, pi, oswa lafyèv—kite enfimiyè a konnen touswit.

## Kite Katetè ou Vizib pandan Dyaliz

» Lè ou nan dyaliz, kite estaf la wè katetè ou antoutan. Konsa, si yon pati sòti ladann, estaf la ap konnen touswit.



## Kisa Moun Di Osijè Dyaliz avèk yon Katetè

Moun ki itilize katetè pou dyaliz gen dwa di ou kijan sa ye:

» “Katetè gen dwa anmèdan—ou pa kapab bouje twòp pandan tretman oswa alam yo pati. Epi ou, ou pa kapab pran douch. Yo te di m mwen t ap kapab pran douch avèk katetè pèmanan mwen an apre yon senten tan, men a chak fwa mwen te pran douch mwen te fè yon enfeksyon epi ateri lopital pou yon semèn. Mwen pi kontan avèk grèf mwen an, menm si mwen oblije gen zegi.”

» “Yon fo kannal nan bra mwen te pete dezan de sa, epi mwen te di tèt mwen ‘yon katetè pap pi mal – pap gen zegi nan bra mwen.’ Se pat vre. Sikilasyon an te reduwi a 200 nan katetè nan kou mwen, lè sikilasyon nòmal la se 400—meyè sikilasyon pèmèt yon meyè dyaliz. Mwen pat ka tann pou mwen retire katetè sa a!”

» “Mwen gen yon katetè menote ki te pase nan menm zepòl la pou preske yon ane e demi. Mwen pa santi doulè ni mwen pat santi doulè lè yo t ap mete li. Bra mwen lib pandan dyaliz epi katetè a fè dyaliz la tolerab. Mwen kapab vire lè mwen enkonfòtab, epi machin nan mache a 450, ki se yon bagay ki ra anpil avèk yon katetè ki menote. Mwen rekonesan anpil dèske mwen pa janm gen pwoblèm avèk li.”

## Estenòz: Lè vesò san yo vin pi fen


Estenòz gen dwa ralanti pasaj san an jiskaske ou vin pa gen ase HD pou ou santi ou ase byen. Yon katetè gen dwa kòze *estenòz nan venn santral* yo. Sa redwi pasaj san yon mannyè ki pèmanan nan bra ki sou bò kote katetè a ye. Gen ase san pou bra ou – men pa ase pou HD. Se konsa estenòz gen dwa fè pa gen lòt sit aksè.

Si ou gen yon estenòz poutèt yon katetè, ou gen dwa genyen siy sa yo:

- Men ou sou bò katetè a gen dwa frèt epi ap fè w mal.
- Bra ou gen dwa anfle opwen pou li difisil pou bouje li.
- Kou ou, figi ou, avèk pwatrin ou oswa tete ou gen dwa anfle sou bò kote katetè a ye a.
- Ou gen dwa gen nouvo venn ki parèt sou pati anlè bra ou oswa pwatrin ou.

Si ou wè siy estenòz, rele ekip swen ou touswit.





## Boul San: Boul San

Katetè gen tandans lakòz *boul san* ki gen dwa anpeche sikilasyon san. Selil ki responsab kreye boul (*yo rele yo plaksan*) kole ansanm. Yo sele veso san ki andomaje, tankou bouchon boutèy. Plaksan yo ap kole sou nenpòt ki sifas ki rèd, epi katetè a pa dous tankou venn ak atè. Pou regle sa, yo mete yon medikaman anzim nan katetè a grasa yon sereng pou dilye boul san an. Nan senten ka, yo gen dwa oblije ranplase katetè a.

Finalman, piga ou pè poze keksyon. Epi lè se yon bagay enpòtan tankou fè aksè ou kontinye mache, gen anpil keksyon pou ou poze. Mete yon tchèk bò kote keksyon ou poko gen repons pou yo, epi ajoute pwòp keksyon pa ou:

- Kiyès pou mwen kontakte apre lè si mwen bezwen? Kijan?
- Ki prekosyon pou mwen pran lè m ap benyen, pran douch, naje, ets.?
- Kisa pou mwen fè si katetè a sòti poukont li?
- Ajoute keksyon ou vle poze yo la a:

---



---



---




---



---



---



## Atansyon a Boul San ki nan Lib!

» Yon boul san nan katetè ou gen dwa pa ret an plas. Boul san gen dwa nan lib epi vwayaje nan ko ou. Si ou te gen yon boul san resaman epi ou gen mal do oswa pwoblèm respire, chèche jwenn sèvis dijans.

## Konklizyon

Bi bon jan aksè ak swen se kenbe katetè ou an sante pou ou kapab resevwa yon bon dyaliz. Ou gen plis chans pou katetè ou kontinye mache lè ou se yon patnè aktif pou ekip swen ou.



MEDICAL • EDUCATION  
I N S T I T U T E *inc.*

[WWW.MEDICALEDUCATIONINSTITUTE.ORG](http://WWW.MEDICALEDUCATIONINSTITUTE.ORG)

© 2009, Medical Education Institute, Inc. [www.meiresearch.org](http://www.meiresearch.org)